



RESEAU NATIONAL DE DÉFENSE DES DROITS HUMAINS (RNDDH)
REZO NASYONAL POU DEFANN DWA MOUN
NATIONAL HUMAN RIGHTS DEFENSE NETWORK

Membre de la
fidh

NEWS RELEASE

Nòt pou Laprès

Kontakte : Marie Rosy Kesner AUGUSTE DUCENA
Telefòn : (509)2940-1222 / 3755-9591 / 3463-4192
Seliè : (509) 3782-2897

RNDDH swete fòs ak kouraj ak tout fanmi moun ki viktim nan antre Site Doudoun yo

1. 20 out 2022, nan granm maten, gen nèf (9) moun pou pi piti ki mouri asasinan nan antre site Doudoun, nan komin Kwadèboukè.
 - Twa (3) manm nan yon fanmi : Josette Fils Desanclos ki fèt 10 novanm 1966, Sherwood Sondje Desanclos ki fèt 23 out 1993 ak Sarhadje Desanclos ki fèt 10 fevriye 1998 ;
 - Twa (3) chofè moto pami yo Osny ki se chofè epi bòs feronye ;
 - Josué Boisrond ki te sou moto avèk Osny ;
 - 2 fanm men RNDDH poko jwenn detay sou yo.
2. Nan yon bat je, nouvel lanmò 3 manm fanmi Desanclos yo gaye epi choke tout moun pou jan yo pèdi lavi yo a.
3. Daprè enfòmasyon RNDDH jwenn epi ki t ap sikile sou rezo sosyal yo tou, Josette Fils Desanclos, manman Sherwood Sondje Desanclos ak Sarhadje Desanclos, t ap kondwi yon machin *Suzuki Grand Vitara*, ki gen koulè nwa, avèk 2 pitit fi li yo. Josette Fils Desanclos t'ap mennen Sarhadje Desanclos nan kou nan Inivèsite Pòtoprens apre pou l tal mennen Sherwood Sondje Desanclos achte kèk bagay pou anivèsè li ki te prèske rive.
4. Lè yo rive nan antre Site Doudoun nan, tou pre pon Taba, bandi nan 400 mawozo pase Josette Desanclos lòd pou kanpe machin nan. Li refize kanpe epi bandi yo simaye bal sou machin nan. Bandi yo te pwofite fouye machin nan epi pote ale telefòn ak valiz viktim yo. Apre sa yo kontinye tire sou machin nan jiskaske l pran dife pandan Sherwood Sondje Desanclos ak Sarhadje Desanclos ki potko mouri tap eseye sove tèt yo. Anplis, gen 6 lòt moun ki te pran bal epi ki mouri.
5. Jij depè, Jonathan Merilan, nan tribinal depè Kwadèboukè a, te al fè konsta 6 kadav nan mòg Mémé ki nan Kwadèboukè. Annapre, Fanmi 2 nan viktim yo te vin pran kadav yo.

6. RNDDH kondane ak tout fòs li atak sila a ki lakoz plizyè sitwayen fanm kou gason pèdi lavi yo. Li pa posib pou moun nan peyi a kontinye ap viv ak laperèz pandan zotobre ki sou pouvwa yo kontinye ap pwoteje epi bay gang zam ak katouch.

7. RNDDH ap fè dirijan yo sonje se pa chita fè bèl pwomès pandan moun ap mouri chak jou epi ensekirite a menm ap taye banda. Dwa pou moun viv, pou gen sekirite se dwa fondamantal yo ye. Lè menm bandi sa yo ki gen pwoteksyon otorite yo ap touye epi simen latwoublay nan peyi a, menm otorite sa yo se twit yo ka fè sèlman.

8. RNDDH ap swete kouraj ak tout pwòch viktim atak sila, sitou Mèt Jean Simson Desanclos ki se manm fondatè epi sekretè konsèy direksyon Fondation Je Klere (FJKL), ki fè yon gwo pèt. Nan yon sèl moman, li pèdi madanm li ak tou 2 pitit fi li yo. RNDDH ap tann pou otorite yo mete aksyon piblik an mouvman dèyè tout moun ki gen men yo tranpe nan zak sila a.

Pòtoprens, 23 out 2022